# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 अप्रैल 2026** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा में संसद के निचला सदन आ राज्य विधानसभा में महिला लोगिन के आरक्षण देबे वाले विधेयक के ले के तीनि गो विधेयकन पर आजु फेर से चरचा हो रहल बा। एगो रिपोर्ट–

**सदन में दूसरे दिन हो रही चर्चा के बीच प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ने एक सोशल मीडिया पोस्ट के जरिये सभी सांसदों से नारी शक्ति वंदन अधिनियम के संशोधन का समर्थन करने का आग्रह किया। उन्होंने कहा है कि देश की लाखों महिलाओं की नजरें संसद और उसके फैसलों पर टिकी हैं। उन्होंने सभी राजनीतिक दलों से महिला आरक्षण के पक्ष में मतदान करने की अपील की। इस बीच, देश में 106वां संवैधानिक संशोधन अधिनियम, 2023, नारी शक्ति वंदन अधिनियम कल से लागू हो गया। 2023 में संसद ने इसे पारित किया था। यह महत्वपूर्ण कानून लोकसभा और दिल्ली राष्ट्रीय राजधानी क्षेत्र की विधानसभा सहित सभी राज्य विधानसभाओं में सभी सीटों में से एक तिहाई सीटें महिलाओं के लिए बारी–बारी से आरक्षित करता है। अधिनियम के लागू होने पर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी ने कहा कि नारी शक्ति एक सशक्त भारत की पहचान है। श्री मोदी ने सोशल मीडिया पर एक संस्कृत सुभाषितम साझा करते हुए नारी की शक्ति और योगदान का जिक्र किया। प्रधानमंत्री ने कहा कि देश की माताएं, बहनें और पुत्रियां आज अपने अटूट संकल्प, समर्पण और सेवा भावना से हर क्षेत्र में देश का गौरव बढ़ा रही हैं। विशेषज्ञों के अनुसार यह अधिनियम संघीय ढांचे के सभी स्तरों पर सार्वजनिक जीवन में महिलाओं के समान प्रतिनिधित्व को बढ़ावा देने में महत्वपूर्ण भूमिका निभाएगा। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

नारी शक्ति वंदन अधिनियम के ले के प्रदेस भर में जागरूकता कार्यक्रमन क आयोजन कइल जा रहल हौ। येही कड़ी में वाराणसी में आयोजित एगो कार्यक्रम में प्रदेस क उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में महिला लोगिन क सम्मान आ अधिकारन के मजबूती मिलल हौ।

**मैं प्रदेश के 25 करोड़ लोगों की तरफ से आदरणीय प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जी का बहुत–बहुत आभार प्रकट करता हूँ और आजादी के बाद से अब तक महिलाओं को जो उनका हक था, जो उनका अधिकार था, नही मिल पाया था। आज माननीय मोदी जी उनका हक और अधिकार देने जा रहे हैं।**

कार्यक्रम में पूर्व केन्द्रीय मंत्री स्मृति ईरानियो हिस्सा लिहलिनि। उहां के कहलीं कि नारी शक्ति वंदन अधिनियम महिला लोगिन के मजबूत कइले के साथे–साथे समाज में समानता ले अइले के दिसा में मील क पाथर साबित होई।

**********

प्रतियोगी परीक्षा के पारदरसी आ नकलविहीन बनावल रक्खे बदे उत्तर प्रदेस शिक्षा चयन आयोग कई गो कड़ेर कदम उठवले हौ। आयोग क अध्यक्ष डॉक्टर प्रशान्त कुमार काल्हि बतवलें कि परीक्षा में जीरो टॉलरेंस नीति के पुरहर तरीका से लागू कइल जाई, जेहसे सुचिता, पारदरसि आ निस्पक्षता सुनिस्चित कइल जा सके। उहां के बतवलीं कि एकरे खातिर आयोग मुख्यालय में अत्याधुनिक एकीकृत कंट्रोल रूम बनावल गइल बा जहवां से सज्जो परीक्षा केन्द्रन क सघन निगरानी कइल जाई। येह कंट्रोल रूम में दुइ दरजन से बेसी हाई–क्वालिटी स्क्रीन आ एआई कैमरन क इंतिजाम कइल गइल बा।

**********

केन्द्र सरकार कहले हवे कि देस में घरेलू एलपीजी, पेट्रोल आ डीजल आपूर्ति क गतिविधि सामान्य बा। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय में संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा आजु नई दिल्ली में बतवलिनि कि पश्चिम एशिया संकट के नाते सप्लाई पर असर परल बा बाकिर कउनहूं डिस्ट्रीब्यूटर पर कउनों ड्राई आउट रिपोर्टेड नाहीं हौ।

**घरेलू एलपीजी के संबंध में मैं यह बताना चाहूँगी कि किसी डिस्ट्रीब्यूटर पर कोई ड्राई–आउट रिपोर्टेड नहीं है। कल भी हमने लगभग 50 लाख से अधिक घरों में एलपीजी का सिलेंडर पहुँचाया है। हमारा ऑनलाइन बुकिंग 98 प्रतिशत है और डिलीवरी ऑथेंटिकेशन कोड के साथ डिलीवरी लगभग 93 प्रतिशत है।**

**********

राष्ट्र आजु पूर्व प्रधानमंत्री आ समाजवादी नेता चन्द्रशेखर क जयंती मना रहल हौ। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोसल मीडिया के जरिये उन्हें सरधांजलि दिहलें। येही कड़ी में आजु बलिया जिला क जननायक चन्द्रशेखर विश्वविद्यालय में एगो संगोस्ठी क आयोजन कइल गइल। एहमें पूर्व प्रधानमंत्री चन्द्रशेखर के व्यक्तित्व आ कृतित्व पर चरचा कइल गइल। येह कार्यक्रम में उनके जिनगी आ व्यक्तित्व पर आधारित विवरणिका आ जन्मसताब्दी प्रतीक चिन्हों क लोकारपण कइल गइल।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के न्यूनतम तापमान में अगिला चारि से पांच दिन में दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस के क्रमिक बढ़ोत्तरी क सम्भावना जतवले हौ। ओहीं, अगिला चउबीस घंटा के दौरान अधिकतम तापमान में दुइ डिगिरी सेल्सियस के गिरावट क सम्भावना जतावल गइल बा। येह दौरान मौसम सुस्क रही। हलांकि विभाग के ओरि से पच्छिमी उत्तर प्रदेस में आजु कहीं–कहीं हल्लुकाहे बरखो भइले क पूर्वानुमान जारी कइल गइल बा।

**********